

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda minangka program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda. Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun dumasar kana Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan ngamumulé basa, sastra, jeung aksara daérah anu netepkeun basa Sunda diajarkeun di lembaga pendidikan dasar di Jawa Barat.

Dina KTSP, (2006:22) ditetelakeun:

“Siswa dapat memahami bahasa Sunda dari segi bentuk, makna, dan fungsi, serta menggunakannya dengan tepat untuk bermacam-macam tujuan, keperluan, dan keadaan.”

Patali jeung kamekaran pangajaran basa Sunda, ieu hal meredih komitmen babarengan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran nya éta ngaliwatan KTSP 2006 salaku tarekah pikeun ningkatkeun pangajaran basa Sunda sangkan leuwih interaktif sarta mampu mekarkeun kompetensi dasar jeung indikator pangajaran anu saluyu jeung standar kompetensi sangkan bisa ngahontal katuntasan diajar anu alus.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar dina KTSP 2006 kudu bisa dijadikeun dadasar lumangsungna pangajaran basa Sunda ka siswa hususna tur

masarakat dina umumna. Ieu hal meredih sangkan mampu ngalarapkeun basa katut sastra Sunda salaku sarana pikeun ngaronjatkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina raraga miara tur mekarkeun budaya.

Tujuan pangajaran basa Sunda di SMA numutkeun KTSP (2006:24) diantarana nya éta:

“Murid mampu menikmati dan memanfaatkan karya sastra Sunda untuk meningkatkan pengetahuan dan kemampuan berbahasa Sunda, mengembangkan kepribadian, dan memperluas wawasan kehidupan.”

Bahan-bahan pangajaran sastra téh kacida pisan lobana, salah sahijina nya éta bahan pangajaran ngeunaan dongéng. Saluyu jeung anu geus dijétrekeun dina SKKD SMA, hususna kelas X dina aspék maca, ditétélakeun dina kompetensi dasarna nya éta ngeunaan maca dongéng. Dongéng nu jadi bahan bacaanana nya éta mangrupa dongéng rayat , jeung dongéng babad minangka salah sahiji hasil folklor.

Numutkeun James Danandjaja (1994:56) yén :

“Folklor adalah sebagian kebudayaan suatu kolektif yang tersebar dan diwariskan turun-temurun, diantara kolektif macam apa saja, secara tradisional dalam versi yang berbeda, baik dalam bentuk lisan maupun contoh yang disertai dengan gerak isyarat atau alat bantu pengingat.”

Salah sahiji folklor nu nyampak dina hirup kumbuhna masarakat Sunda nya éta carita rayat. Lantaran gelarna sacara lisan atawa tatalépa, ilaharna dongéng téh sumebarna henteu sarua ti unggal daérah.

Dongéng kaasup kana carita pondok koléktif kasusastraan lisan, dongéng mangrupa carita prosa rayat anu dianggap caritana mémang euweuh kajadianana (fiktif). Dongéng dicaritakeun utamana mah pikeun hiburan, anu di jerona ngandung ajén moral (pangajaran), jeung sajarah.

Iskandarwassid (1992: 32) nétélakeun yén anu dimaksud dongéng téh nya éta salah sahiji golongan carita, dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung mah sok kaselapan bagian anu dikawihkeun, umumna parondok, diwariskeun sacara turun tumurun jeung sumebarna sacara lisan. Teu kapaluruh saha pangarang atawa nu nyiptana. Kajadian caritana sakapeung sok karasa pamohalan. Tokoh-tokohna, jalan caritana, latarna sakapeung mah hésé ditarima ku akal.

Anu dimaksud dongéng babad téh nya éta dongéng anu eusina nyaritakeun kajadian atawa jelema anu ngandung unsur sajarah. Sedengkeun Rusyana, Spk. (1978) nétélakeun yèn carita rakyat téh hasil karya sastra buhun winangun lisan, sumebarna sacara turun-tumurun di masarakat.

Pangaweruh sastra jeung kareueus siswa kana karya sastra moal tumuwuh lamun saumpana pangajaran sastra ngan saukur saliwatan wungkul. Saupama siswa teu dibéré kasempétan pikeun wanoh tur maluruh kana eusi tina hasil karya sastra éta sorangan, boh dina galur caritana, unsur-unsur karya sastrana, atawa amanat anu bisa kacangkem dina karya sastra éta, moal mungkin siswa apal komo deui ngarasa reueus kana karya sastra daérahna sorangan.

Dina pangajaran sastra, aya sawatara problematika anu kudu diungkulan ku guru di sakola. Ieu hal dirasa perlu, lantaran problematika pangajaran sastra ngabalukarkeun kurang optimalna pangajaran sastra di sakola. Antukna, siswa téh

kurang parigel dina pangaweruh sastrana. Salila ieu bahan pangajaran maca dongéng ka siswa téh dirasa kurang ngirut siswa pikeun resep kana maca.

Dumasar kana hasil wawancara ka siswa kelas X-2 di SMA PaSundan 8, ampir satengahna nyebutkeun yèn pangajaran maca dongéng téh kurang ngirut minat manèhna lantaran ku ningali wangun caritana anu leuwih ti sakaca ogè geus matak horèam pikeun macana. Sajaba ti éta, rata-rata pangajaran maca kelas X-2 dina mata pelajaran sèjèn ogè kurang alus.

Ku kituna, diperlukeun tarékah pikeun ngahudang karesep siswa kana maca. Patali kana éta hal, panulis miboga kahayang pikeun ngalakukeun inovasi bahan pangajaran anu baris ditepikeun ka siswa. Di dieu panulis boga sawangan yèn bahan pangajaran anu ditepikeun dina pangajaran maca dongéng keur SMA kelas X-2 téh perlu diropéa tur kudu ngalaman pamekaran luyu jeung kamajuan jaman jeung téhnologi. Sajaba ti éta, hasil panalungtikan sèjèn anu maluruh kaèfèktivitan Mèdia Komik dina ngaronjatkeun kamampuh mata pelajaran Gèografi poko bahasan pengangkutan dan perhubungan siswa di SMPN 1 Pegandon Kabupatèn Tegal meunangkeun hasil anu alus.

Ku kituna, pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X-2 dina pangajaran maca dongéng babad, panyusun baris ngayakeun panalungtikan ngeunaan èfèktivitas Mèdia Komik pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman dongéng babad siswa di kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu diébréhkeun di luhur, dina ieu panalungtikan dimaksudkeun pikeun nalungtik kumaha kamampuh maca siswa kelas X-2 kana carita dongéng. Sangkan ieu panalungtikan henteu lega teuing, ieu masalah kudu diwatesanan, nya éta kumaha kamampuh siswa nyangkem kana eusi jeung unsur-unsur dina wacana carita dongéng, sarta aya atawa henteuna pangaruh antara média pangajaran anu dipaké jeung tingkat kamampuh maham siswa kana carita dongéng babad salaku barométer luyu atawa henteuna média pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung pedaran di luhur, sangkan objék anu ditalungtik jeung dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana, di handap ieu diébréhkeun rumusan masalahna:

1. Kumaha kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2 samèmèh jeung saenggeus pangajaran ngagunakeun Média Komik?
2. Naha aya bèda anu signifikan kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2 samèmèh jeung saenggeus ngagunakeun Média Komik?

3. Naha Mèdia Komik tèh bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho signifikansi kasuksésan Mèdia Komik kana kamampuh siswa dina maca pamahaman dongéng.

1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta ngadèskripsikeun:

1. kamampuh siswa kelas X-2 dina maca pamahaman dongéng.
2. Ngadèskripsikeun bèdana kamampuh maca pamahaman siswa samèmèh jeung saenggeus ngagunakeun Mèdia Komik
3. Ngadèskripsikeun Mèdia Komik dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa kana dongéng.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dina ieu panalungtikan aya mangpaat tioritisna, nya éta pikeun ngeuyeuban wangun mèdia pangajaran maca dongéng. Sajaba ti éta, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh maca siswa dina

nyangkem pangajaran di sakolana, hususna pikeun nyangkem kana carita babad sangkan teu tumpur.

1.4.2 Mangpaat Praktis

a) Mangpaat pikeun Guru

Bisa mikanyaho bagbagan karya sastra Sunda, sarta bisa ngukur kamampuh siswa dina maca, hususna maca carita dongèng babad basa Sunda.

b) Mangpaat pikeun Murid

Bisa nimbulkeun kareueus siswa kana sastra Sunda, hususna carita babad, jeung bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca matéri ajar anu ditepikeun ku guruna.

c) Mangpaat pikeun Mekarkeun Bahan

Bisa nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra sarta nambahan amabahan jeung wanda bahan pangajaran basa Sunda sangkan leuwih lega.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan leuwih jéntré jeung teu nimbulkeun salah tapsir kana ieu panalungtikan, baris dipedar istilah anu aya dina ieu panalungtikan:

- a) Éfektivitas asal kecapna tina basa Inggris anu miboga harti kahontalna tujuan-tujuan sacara gembheng ngaliwatan cara anu geus ditangtukeun, atawa bias ogé dihartikeun salaku ukuran kasuksésan dina raraga tarékah pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun.

- b) Média asalna tina basa Latin mangrupa wangun jamak tina “médiun” anu sacara harfiah hartina nyaéta *perantara* atawa panganteur sumber pesen jeung anu narima pesen.

Briggs (1977) nétélakeun yén média pangajaran nyaéta sarana fisik pikeun nepikeun eusi atawa matéri pangajaran.

- c) Komik nya éta wangun carita anu ngagunakeun gambar-gambar cicing anu disusun sakumaha mistina pikeun ngawangun hiji carita, ilaharna komik dicitak dina kertas kalawan dilengkepan ku téks.

- d) Kamampuh asal kecapna tina mampuh anu hartina kuat, bisa, boga, aya kaboga (Budi Rahayu Tamsyah, 1996: 642).

Jadi kamampuh di dieu nya éta miboga harti kakuatan, kabisa, jeung kaboga.

- e) Maca pamahaman nya éta maca anu miboga tujuan pikeun mahaman sacara saksama unsur-unsur sarta gagasan-gagasan anu aya dina eusi bahan bacaan.

- f) Dongèng nya éta salah sahiji golongan carita, dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung mah sok kaselapan bagian anu dikawihkeun, umumna parondok, diwariskeun sacara turun tumurun jeung sumebarna sacara lisan. Teu kapaluruh saha pangarang atawa nu nyiptana. Kajadian caritana sakapeung sok karasa pamohalan. Tokoh-tokohna, jalan caritana, latarna sakapeung mah hésé ditarima ku akal

1.6 Sistematika Nyusun Skripsi

Sabada data panalungtikan diolah, hasilna baris disusun kalawan puguh éntép seureuhna dina wangun skripsi kalawan sistematika:

1) BAB I

Dina BAB I panulis baris medar ngeunaan kasang tukang masalah; watesana masalah; rumusan masalah; tujuan panalungtikan anu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis; mangpaat panalungtikan; wangenan istilah; jeung sistematika panyusunan skripsi.

2) BAB II

Anapon anu dipedar dina ieu Bab, nya éta: 1) mèdia pangajaran anu ngawengku wangenan mèdia pangajaran, fungsi mèdia pangajaran, kritèria milih mèdia pangajaran, jeung wangun carita komik salaku mèdia pangajaran; 2) konsèp dasar maca anu ngawengku wangenan maca, tujuan maca, aspèk maca, maca pamahaman, aspèk maca pamahaman, jeung kamampuh maca pamahaman; 3) dongèng anu ngawengku wangenan dongèng, ciri-ciri dongèng, unsur carita dongèng, papasingan dongèng, dongèng carita babad, jeung maca pamahaman dongèng; 4) pangajaran maca dongèng ngagunakeun Mèdia Komik anu ngawengku prinsip-prinsip pangajaran maca dongèng ngagunakeun Mèdia Komik, kaèdah pangajaran maca pamahaman dongèng ngagunakeun Mèdia Komik, jeung lèngkah-lèngkah pangajaran maca pamahaman dongèng ngagunakeun Mèdia Komik; 5) anggapan dasar; jeung 6) hipotèsis.

3) BAB III

Dina ieu bab baris dipedar 1) métode jeung variabel panalungtikan; 2) wangenan operasional; 3) desain panalungtikan; 4) sumber data; 5) tèhnik panalungtikan anu ngawengku tèhnik ngumpulkeun data, instrumèn panalungtikan jeung uji instrumèn panalungtikan; 6) tèhnik ngolah data anu ngawengku ngolah data, nguji sipat data, uji gain, uji hipotèsis jeung prosedur panalungtikan.

4) BAB IV

Dina ieu bab baris dipedar: 1) kamampuh maca pamahaman dongèng ngagunakeun Mèdia Komik siswa kelas X-2 SMA PaSundan 8 Bandung anu ngawengku kamampuh awal maca pamahaman dongèng, kamampuh ahir maca pamahaman dongèng; 2) uji sipat data anu ngawengku uji normalitas pretès, uji normalitas postès, jeung uji homogènitatis; 3) uji gain; jeung 4) uji hipotèsis.

5) BAB V

Bab V baris medar kacindekan tina panalungtikan jeung rèkomèndasi anu ditujukeun ku panulis tina hasil panalungtikan.